

# SD NEGERI KARANGREJEK 1

Kelas VI

Bahasa Jawa

Materi : MUSEUM

Wacanen kang patitis!

## Menyang Museum Wayang Kekayon

Libur semesteran, Bima lan Tari diajak Paklike menyang Museum Wayang Kekayon. Museum kuwi dumunung ing Jalan Raya Yogya – Wonosari km 7 Nomer 277 Baturetno, Banguntapan, Bantul. Museum kuwi madeg taun 1991 lan diresmekake dening K.G.P.A.A. Sri Paku Alam VIII. Museum Wayang didegake dening Prof.DR.dr. KPH. Soejono Prawirohadikusumo.

Bima lan Tari seneng banget. Kabeh ruwangan dileboni siji bakasiji. Museum wayang duwe koleksi wayang lan topeng. Koleksi wayang dikenalake wiwit sejarah wayang abad keping 6 nganti abad keping 20. Wujude wayang ana sing digawe saka kulit, kayu, kain, lan kertas. Koleksine padha karo koleksi museum wayang ing Jakarta, yaiku: wayang



[www.trepelin.com](http://www.trepelin.com)

purwa gaya Ngayogyakarta, wayang purwa gaya Surakarta, wayang madya (crita sawise perang Baratayuda), wayang klithik, wayang beber, wayang gedhog, wayang bali, wayang menak, wayang thengul, wayang suluh lan liya-liyane. Kejaba wayang, ana uga sandhangan wayang lan reca wayang wong kanthi ukuran samesthine.

Bangunan kompleks Museum Wayang Kekayon Yogyakarta yaiku:

1. Komplek museum, dumadi saka ruwang auditorium lan 10 unit bangunan museum. Ruang auditorium kanggo awah katrangan awal marang pengunjung.
2. Gedung induk, kanthi arsitektur Jawa komplit yaiku: kuncung, pendhapa, dalem, lan longkang. Pendhapa digunakake kanggo acara resepsi, gladhen kesenian, lan pagekiran wayang.
3. Sejarah Indonesia sajroning taman, diwiwiti saka kompleks manungsa purba nganti kompleks patung Proklamasi 1945.
4. Taman utawa plataran kang asri ditanduri wit-witan langka lan hutan wisata.
5. Fasilitas liyane yaiku ruwang cindramata, kafe lan parkiran kang jembar tur edhum.

Sawise komplit anggone nonton, Paklike ngajak Bima lan Tari bali. Baline mengalor mampir ing Museum Perjuangan.

(Sumber: Buku Panduan Museum-Museum Daerah Istimewa Yogyakarta)

**Gawea pitakon kang jawabane ana ing isi teks nganggo tembung pitakon!**

**Apa**

Ukara pitakon : \_\_\_\_\_

Jawaban : \_\_\_\_\_

**Sapa**

Ukara pitakon : \_\_\_\_\_

Jawaban : \_\_\_\_\_

**Kapan**

Ukara pitakon : \_\_\_\_\_

Jawaban : \_\_\_\_\_

**Kepriye**

Ukara pitakon : \_\_\_\_\_

Jawaban : \_\_\_\_\_

**Genea (mengapa)**

Ukara pitakon : \_\_\_\_\_

Jawaban : \_\_\_\_\_